

**PANGAJARAN NGANALISIS EUSI JEUNG ASPEK KABAHAASAN
TEKS LAPORAN HASIL OBSERVASI NGAGUNAKEUN MEDIA VISUAL
PIKEUN NINGKATKEUN DAYA KREATIVITAS PESERTA DIDIK KELAS X
SMK KARYA PEMBANGUNAN MARGAHAYU
TAHUN PANGAJARAN 2019/2020**

ku

Meri Rahayu

NIM 155030065

RINGKESAN

Media Visual mangrupikeun média anu museurkeun mahasiswa kana gambar. Eta media teh kabukti efektif pikeun diajar téks laporan hasil observasi. Anapon rumusan masalah anu diusulkeun ku panaliti nyaéta: (1) Naha panulis mampu ngarencanakeun, ngalaksanakeun, sareng ngavaluasi pangajaran pikeun nganalisis eusi sreng aspek kabahasaan téks laporan hasil observasi kalayan ngagunakeun média visual pikeun peserta didik Kelas X SMK Karya Pembangunan Margahayu?; (2) Kumaha kamampuan peserta didik kelas ékspérimén sareng kelas kontrol saatos dipasih perlakuan dina pangajaran nganalisis eusi sareng aspek kabahasaan teks laporan hasil observasi ngagunakeun média visual pikeun peserta didik kelas X SMK Karya Pembangunan Margahayu?; (3) Naha aya bédana pikeun hasil diajar murid dina diajar nganalisis eusi sareng aspek kabahasaan teks laporan hasil observasi pikeun kelas ékspérimén sareng kelas kontrol ?; (4) Naha efektif Média visual digunakeun dina pangajaran nganalisis eusi sareng aspek kabahasaan teks laporan hasil observasi pikeun peserta didik kelas X SMK Karya Pembangunan Margahayu?. Anapon hasil anu diperoleh ku panalungtik tina ieu pangajaran nyaéta: (1) Panalungtik mampu ngarencanakeun sareng ngalaksanakeun pembelajaran pikeun nganalisis eusi sareng aspék kabahasaan téks laporan hasil observasi ngagunakeun média visual pikeun peserta didik kelas X SMK Karya Pembangunan Margahayu; (2) Peserta didik Kelas X SMK Karya Pembangunan Margahayu tiasa nganalisis eusi sareng aspék kabahasaan téks laporan hasil observasi; (3) Hasil diajar peserta didik pikeun kelas ékspérimén sareng kelas kontrol ngagaduhan bénten; (4) Ngalarapkeun média visual anu efektif digunakeun dina pangajaran nganalisis eusi sareng aspek kabahasaan teks laporan hasil. Ieu hal tiasa dibuktikeun ku cara uji statistik, tina derajat kabébasan anu lobana 25 kalayan tingkat kapercayaan 95% $t_{hitung} > t_{tabel}$, nyaéta $10,92 > 3,75$ pikeun kelas X MB 1 sareng $t_{hitung} > t_{tabel}$, anu $5,65 > 3,75$ dina tingkat kapercayaan 95% sareng 25 tingkat kabébasan di kelas X MB 2. Dumasar kana eta data hasil panalungtikan, tiasa disimpulkeun yén hipotesis anu diusulkeun ku panalungtik tiasa ditampi.

Kecap konci: diajar, Nganalisa, Eusi, Aspék Basa, Teks Laporan Pangamatan, Media Visual